

Resous pou Imigran Filadèlfi yo

Vil Filadèlfi soutni tout rezidan li yo. Pifò sèvis vil la disponib pou tout moun kèlkeswa sitwayènte oswa sityasyon imigrasyon. Anplwaye vil la pa poze kesyon sou sityasyon moun yo rankontre yo.

ID Minisipal yo

ID Minisipal yo se yon fòm idantifikasyon tout moun ki abite nan Filadèlfi kapab itilize. Pou w ka jwenn yon ID, ou dwe prezante prèv idantite w ak prèv ke ou abite nan Filadèlfi. Lè w ap jwenn yon ID, Vil la pa pral poze kesyon sou sityasyon imigrasyon oswa sitwayènte. Vil la pral pwoteje enfòmasyon ID Minisipal yo nan tout limit lalwa. Pwogram ID Minisipal la pral lanse nan Prentan 2019.

Edikasyon ak gadri

Timoun ki gen laj 3 oswa 4 lane kalifye pou PHL Pre-K. Aprann plis nan phlprek.org. Tout moun ki abite yo gen dwa ale nan lekòl piblik depi laj 5 lane jiska gradyasyon oswa jiska fen ane lekòl la lè yo vin gen 21 lane. Gen klas disponib pou elèv k ap aprann lang Anglè. Pou jwenn èd pou enskri, vizite philasd.org/studentplacement.

Sekirite piblik

Vil Filadèlfi pa fè reyalize aplikasyon lwa federal sou imigrasyon yo. Lapolis nan Filadèlfi pa poze kesyon sou sityasyon imigrasyon oswa sitwayènte moun yo rankontre, sa gne ladan viktim krim ak temwen krim yo. Nenpòt moun ki panse yo gendwa te viktim yon krim rayisman dwe kontakte Depatman Lapolis Filadèlfi a.

Ou ka jwenn distri polis lokal ou an nan:
www.phillypolice.com/districts/

Sitwayènte

Lè ou vin yon sitwayen Ameriken, sa bay anpil avantaj, sa gen ladan plis aksè pou vwayaje, aksè nan djòb gouvènman, ak dwa pou vote. Ou ka aprann plis sou fason pou w vin yon sitwayen sou sitwèb nou an:

<https://bit.ly/2GANapL>

Aksè nan Lang

Biwo pou Zafè Imigran yo jere Language Access Philly, ki se pwogram Vil la pou aksè nan lang ki bay sèvis entèpretasyon gratis pou moun ki gen kapasite limite pou li, pale, ekri oswa konprann Anglè. Pou resevwa èd oswa pou jwenn enfòmasyon nan men nenpòt ajans vil la, rele 3-1-1 epi fè operatè a konnen lang ou bezwen an. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou

www.phila.gov/programs/language-access-philly

Èd pou Imigrasyon

Gen èd disponib gratis an tout sekirite pou imigrasyon an pasan pa youn nan anpil patnè nou yo. Pran prekosyon ak founisè sèvis imigrasyon ki pa gen lisans yo k ap pwofite avantaj sou do kliyan yo. Jwenn èd sèlman nan men yon avoka ou ka fè konfyans, ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite.

Pwoteksyon kont diskriminasyon

Moun Filadèlfi yo gen dwa pou yo pa sibi diskriminasyon ilegal, vanjans ak arasman seksyèl nan espas travay la, nan lojman ak nan andwa piblik yo.

Pou depoze yon plent pou vyolasyon nan travay, pwopriyete oswa lojman piblik, kontakte Komisyon Filadèlfi sou Relasyon Imèn (Philadelphia Commission on Human Relations, PCHR) nan pchr@phila.gov oswa rele liy dirèk anonim lan nan 215-686-2856.

Swen sante

Swen sante bon mache pou ijans ak pou ka ki pa ijans disponib pou tout moun nan lopital piblik yo ak nan sant sante vil la. Divizyon Sante Konpòtmantal Filadèlfi a bay sèvis sante mantal pou granmoun ak timoun ki bezwen sèvis medikal, sosyal ak edikatif. Rezo sèvis sa a gen ladan 11 sant sante mantal kominotè, plis pase 30 ajans espesyalize sante konpòtmantal, ak 5 sant repons pou kriz. Fanmi ki gen revni fèb ki gen timoun laj 0 jiska 13 lane ka jwenn gadri pou timoun gratis oswa bon mache:

<https://bit.ly/2V9uG2L>

Anglè kòm Dezyèm Lang

Gen anpil klas ESL disponib gratis oswa nan yon pri ki ba pou moun ki abite nan Filadèlfi yo. Sèvi ak kat entèaktif la pou jwenn yon founisè ki toupre ou: <https://bit.ly/2sqvbd>

Kontakte Nou

Èske ou gen kesyon/enkyetid? Kontakte Biwo pou Zafè Imigran yo nan **215-686-0876** oswa OIA@phila.gov

Swiv nou sou Facebook ak Twitter @PhillyOIA